

## BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksen kont Laraj:

## Sa Ou Dwe Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

### 1. Poukisa pou mwen vaksinen?

**Vaksen kont laraj kapab anpeche laraj.**

Laraj se yon maladi grav ki lakòz lanmò prèske toujou.

Viris laraj la enfekte sistèm nève santral la. Sentòm yo ka rive soti kèk jou rive plizyè ane apre ekspozisyon ak viris la epi yo gen nan yo depale (konfizyon), konpòtman anòmal, alisinasyon, idwofobi (pè dlo), ak ensomni (difikilte pou dòmi), ki parèt anvan koma ak lanmò.

Moun ka trape laraj si yo antre an kontak avèk saliv oswa tisi nève yon bèt ki enfekte, pa egzanp nan yon mòde oswa grate, epi yo pa resevwa swen medikal ki apwopriye, sa gen ladan vaksen kont laraj la.

### 2. Vaksen kont laraj

Sèten moun ki gen pi gwo risk pou ekspozisyon ak laraj, tankou moun k ap travay avèk bèt ki kapab enfekte, yo rekòmande pou moun sa yo resevwa vaksen pou ede anpeche laraj si yon ekspozisyon ta rive. Si w gen pi gwo risk pou w ekspoze a viris laraj la:

- Ou ta dwe resevwa 2 dòz vaksen kont laraj ke yo bay nan jou 0 ak 7.
- Selon nivo risk ou, yo ka konseye w pou w fè youn oswa plizyè tès san oswa pou w resevwa yon dòz rapèl nan 3 zan apre 2 premye dòz yo. Founisè swen sante w la kapab ba ou plis detay.

**Vaksen kont laraj la kapab anpeche laraj si yo bay yon moun li apre yon ekspozisyon.** Apre yon ekspozisyon oswa yon posiblité ekspozisyon ak laraj, kote blesi a ye a dwe netwaye konplètman avèk savon ak dlo. Si founisè swen sante w la oswa depatman sante lokal la rekòmande vaksen an, ou dwe resevwa vaksen an byen vit dèke sa posib apre yon ekspozisyon, men vaksen an ka efikas nenpòt

ki lè anvan sentòm yo kòmanse. On fwa sentòm yo kòmanse, vaksen kont laraj la pa itil ankò pou anpeche laraj.

- Si ou pa te pran vaksen kont laraj lontan, ou bezwen 4 dòz vaksen kont laraj la sou yon peryòd 2 semèn (ke yo bay nan jou 0, 3, 7, ak 14). Ou ta dwe pran tou yon lòt medikaman ki rele iminoglobilin antirabik nan jou ou resevwa premye dòz vaksen kont laraj la oswa touswit apre.
- Si ou te resevwa vaksen kont laraj la lontan, ou bezwen anjeneral 2 dòz vaksen kont laraj sèlman apre yon ekspozisyon.

Yo ka bay vaksen kont laraj la anmenmtan avèk lòt vaksen yo.

### 3. Pale avèk founisè swen sante ou

Fè founisè vaksinasyon ou an konnen si moun k ap pran vaksen an:

- Te gen yon **reyaksyon alèjik apre yon dòz anvansa ak vaksen kont laraj**, oswa si li te gen nenpòt **alèji grav ki mete lavi an danje**
- Gen yon **sistèm iminitè febli**
- Ap **pran oswa prevwa pou pran chloroquine oswa yon medikaman anrapò ak chloroquine**
- Te **resevwa vaksen kont laraj lontan** (founisè swen w lan ap bezwen konnen kilè ou te resevwa nenpòt dòz vaksen kont laraj lontan)

Nan kèk ka, founisè swen sante w ka deside ranvwaye vaksinasyon woutin (anvan ekspozisyon) pou laraj jiska yon pwochen vizit. Oswa founisè swen sante w la ka fè yon tès san anvan oswa apre yo te bay vaksen kont laraj la pou detèmine nivo iminite w kont laraj.



**U.S. Department of Health and Human Services**  
Centers for Disease Control and Prevention

Moun ki gen ti maladi, tankou rim, ka pran vaksen an. Moun ki malad yon fason modere oswa yon fason grav dwe òdinèman rete tann jiskaske yo refè anvan yo pran yon dòz woutin ak vaksen kont laraj (anvan ekspozisyon). **Si ou te ekspoze ak viris laraj la, ou dwe pran vaksen an kèlkeswa si ou gen nan menm moman an yon maladi, gwosès, w ap bay tete, oswa ou gen yon sistèm iminitè febli.**

Founisè swen sante w la kapab ba ou plis enfòmasyon.

---

#### 4. Risk pou yon reyaksyon ak vaksen an

---

- Doulè, woujè, anflamasyon, oswa gratezon nan kote w pran piki a, epi maltèt, kèplen, doulè vant, doulè nan misk, oswa vètij ka rive apre vaksen kont laraj la.
- Itikè, doulè nan jwenti yo, oswa lafyèv rive pafwa apre dòz rapèl yo.

Pafwa moun endispoze apre pwosedi medikal, apre yon vaksen tou. Fè founisè swen ou konnen si ou santi toudisman, oswa ou gen chanjman nan vizyon oswa si zòrèy ou ap boudonnen.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans ki piti anpil pou yon vaksen lakòz yon reyaksyon alèjik grav, lòt chòk grav oswa lanmò.

---

#### 5. E si gen yon pwoblèm grav?

---

Yon reyaksyon alèjik ka rive apre moun ki pran vaksen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyaksyon alèjik grav (itikè, anflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij oswa feblès) rele **9-1-1** ak mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremman an.

Pou lòt siy ki enkyete ou, rele founisè swen sante ou. Yo dwe rapòte reyaksyon negatif yo nan Sistèm Rapò sou Efè Endezirab Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Òdinèman, founisè swen sante ou ap fè rapò sa a, oswa ou ka fè li oumenm. Ale sou sitwèb VAERS la nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS se pou rapòte reyaksyon yo sèlman, epi manm pèsònèl VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

---

#### 6. Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

---

- Mande founisè swen sante ou.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Vizite sit entènèt Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou jwenn avi ki vini ak vaksen yo ak enfòmasyon anplis nan [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Malad (Centers for Disease Control and Prevention, CDC):
  - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC pou laraj nan [www.cdc.gov/rabies](http://www.cdc.gov/rabies)

